

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

Lokasi atawa tempat dilakukeunana ieu panalungtikan nya éta SMPN 2 Kasokandel. Subjék panalungtikanana nya éta sakabéh siswa kelas VII-C di SMPN 2 Kasokandel taun ajaran 2012/2013 anu jumlahna aya 30 urang, anu ngawengku 17 siswa lalaki jeung 13 siswa awéwé.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010: 123) aya tilu rupa desain kuasi ékspérimén nya éta (1) *one shot case study*, (2) *pretest-postes*, jeung (3) *static group comparison*. Dina ieu panalungtikan, desain anu digunakeun nya éta pretés jeung postés. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré pretés tuluy dibéré *treatment* ngalatih ngaregepkeun kalawan ngagunakeun Modél *Word Square*, tuluy diayakeun postés. Ka onjoyan tina ieu desain panalungtikan nya éta ngasupkeun pretés pikeun nangtukeun skor garis tukang (Fathoni, 2006: 99). Mékanisme panalungtikan kuasi ékspérimén ieu, baris digambarkeun dina bagan di handap.

O1	X	O2
----	---	----

Katerangan:

O1: pretés

O2: postés

X: treatment (diajar ngaregepkeun ngagunakeun Modél *Word Square*)

#### 3.3 Méthode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, digunakeun méthode ékspérimén. Nurutkeun Nazir (1988:74) dina Prastowo (2011: 143) méthode ékspérimén nya éta méthode

panalungtikan anu dilakukeun ku cara ngayakeun uji coba kana hiji objék panalungtikan. Nurutkeun *Campbell & Stanley* (Arikunto, 2010: 123) dumasar kana alus henteuna ékspérimén, atawa sampurna henteuna ékspérimén, sacara gurat badag aya dua rupa desain panalungtikan ékspérimén nya éta *pre eksperimental design jeung true eksperimental design*. Dina ieu panalungtikan digunakeun métode ékspérimén kalawan desain *pre eksperimental design* atawa panalungtikan kuasi ékspérimén anu desainna *pre-test and post-test group*.

### 3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré jeung teu nimbulkeun salah tafsir kana ieu panalungtikan, ieu di handap ieu dipedar ngeunaan wangenan operasional dina ieu panalungtikan, nya éta:

#### 1) Modél Pangajaran *Word Square*

Modél *Word Square* nya éta modél pangajaran pikeun nimu kekecapan anu aya dina téks dina wangun abjad acak dina kotak-kotak saperti TTS (Teka Teki Silang) anu bisa dibaca ti gigir jeung ti luhur. Léngkah-léngkah pangajaran dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap:

- a. guru nepikeun apersépsi jeung méré motivasi ka siswa;
- b. guru ngaluarkeun naskah dongéng, sarta macakeun éta naskah dongéng dihareupeun kelas;
- c. siswa dibimbing sangkan kudu konséntrasi dina ngaregepkeun dongéng anu dibacakeun ku guru;
- d. sanggeus bérés ngaregepkeun, guru ngayakeun tés awal (pretés);
- e. guru ngabahas eusi dongéng anu geus diregepkeun ku siswa;
- f. guru ngabagikeun soal *Word Square*;
- g. guru ngabahas jawaban soal tés *Word Square*;
- h. guru ngayakeun tés ahir (postés);
- i. guru méré pancén ka siswa pikeun ngeusian éta soal; jeung
- j. guru nutup pangajaran.

## 2) Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng

Nya éta pangajaran anu dijerona aya aktivitas siswa dina mirengkeun matéri dongéng boh anu dibaca boh anu diputer tina rékaman. Kagiatan ngaregepkeun ieu mangrupa kagiatan ngadangukeun kalawan saregep sarta miboga tujuan meunangkeun fakta atawa informasi ngeunaan hiji hal anu diregepkeunana. Ku kituna kagiatan ieu mikabutuh ayana konséntrasi anu hadé pikeun maham sagala hal anu nyangkaruk dina dongéng, salasihijina ngeunaan unsur instrinsikna anu ngawengku téma, latar (setting), palaku, galur jeung amanat.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu dina panalungtikan nya éta alat bantu dina ngagunakeun métode. Instrumén panalungtikan penting pisan lantaran hasil panalungtikan téh dipangaruhan pisan ku instrumén anu digunakeun. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés.

#### 1) Tés

Tés digunakeun pikeun ngukur hasil diajar nganalisis struktur dongéng siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Tés anu dibikeun ka siswa nya éta wangun *Pilihan Ganda (PG)*. Hal ieu dilantarankeun sangkan panalungtik bisa objéktif dina méré peunteun. Soal-soal tés objéktif jumlahna aya 10 soal.

Tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada meunang perlakuan atawa *treatment*. Tés dilakukeun dua kali nya éta saméméh jeung sabada meunang perlakuan atawa *treatment*. Tés ieu disebutna pretés jeung postést. Pretés miboga tujuan pikeun ngukur hasil diajar awal siswa dina nganalisis struktur dongéng saméméh meunang perlakuan, sedengkeun postés dilakukeun pikeun ngukur pangaruh perlakuan Modél *Word Square* kana hasil diajar nganalisis struktur dongéng siswa.

### 3.5.1 Kisi-kisi Soal

Kisi-kisi soal anu dipaké dina ieu panalungtikan tujuanana pikeun méré watesan ngeunaan instrumén anu bakal dibikeun ka siswa. Kisi-kisina saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**KISI-KISI SOAL PRETÉS JEUNG POSTÉS**

<b>Aspék</b>	<b>Indikator</b>	<b>Nomor Soal</b>
<b>(1)</b>	<b>(2)</b>	<b>(3)</b>
<b>Eusi</b>	Nyebutkeun tokoh	1, 2
	Nyebutkeun latar (setting)	3, 4
	Nyebutkeun amanat	5
	Nangtukeun galur	6, 7
	Nangtukeun téma	8
<b>Basa</b>	Bisa ngartikeun istilah anu aya dina eusi dongéng	9, 10

### 3.6 Teknik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta teknik tes. Teknik tes digunakeun pikeun meunangkeun data kamampuh awal (pretés) jeung kamampuh ahir (postés) hasil diajar ngaregepkeun dongéng.

Prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilakukeun nalika ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dimimitian ku tahap tatahar jeung pelaksanaan anu satukunya analisis data, jeung kacindekan.

Dina tahap tatahar, kagiatan anu dilakukeun nya éta nataharkeun naon-naon anu kudu dipersiapkeun nya éta, nyusun sarta nyiapkeun RPP, nyusun

instrumén panalungtikan nya éta soal pretés jeung angkét, ogé nyieun lembar kerja siswa *Word Square*.

Dina tahap kadua nya éta tahap pelaksanaan anu kudu dipigawé nya éta nepikeun matéri luyu jeung bahan ngaregepkeun dongéng, ngayakeun pretés, ngalarapkeun modél pangajaran *Word Square*, tuluy ngayakeun postés.

Sanggeus tahap ngumpulkeun data pretés jeung postés tahap anu satuluyna nya éta analisis data, dina analisis data anu dipigawé nya éta uji sifat data ngawengku uji normalitas jeung homogénitas, uji gain, jeung uji hipotésis. Anu pamungkas nya éta nyusun laporan hasil panalungtikan.

### 3.7 Analisis Data

#### 3.7.1 Teknik Ngolah Data

Teknik ngolah data digunakeun pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina panalungtikan. Data hasil pretés jeung hasil postés diolah deui sangkan kapaluruh bédana antara hasil pretés jeung postés. Sajaba ti éta, hasil tina kuisisionér atawa angkét digunakeun pikeun ngadeudeul sarta ngalengkepan pamadegan anu bisa némbongkeun bener atawa heunteuna hipotésis anu geus dirarancang dina awal panalungtikan.

##### 3.7.1.1 Ngolah Data Tés

Ngolah data tés dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu dihandap.

- 1) Mariksa hasil tés awal jeung tés ahir siswa
- 2) Méré peunteun hasil tés awal jeung tés ahir siswa.

Mére peunteun ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum \text{skor siswa}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 100\%$$

Keterangan:

P = peunteun

$\Sigma$  Skor siswa = jumlah peunteun siswa

$\Sigma$  Skor maksimal = jumlah peunteun maksimal



Peunteun anu dianggap mampu ngaregepkeun dongéng nya éta minimal sarua jeung Kriteria Katuntasan Minimal (KKM) pelajaran basa Sunda kelas VII SMPN 2 Kasokandel, nya éta 70.

Kategori:

Peunteun 70-100, siswa dianggap mampu ngaregepkeun dongéng.

Peunteun <69, siswa dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng.

- 3) Tabulasi data nya éta ngasupkeun atawa ngaklasifikasikeun data peunteun tés awal jeung tés ahir kana ieu tabél di handap, kalawan disusun dumasar kana daftar absén siswa.

**Tabél 3.2**  
**ANALISIS DATA TÉS**  
**KAMAMPUH AWAL (PRETÉS) JEUNG KAMAPUH AHIR (POSTÉS)**  
**NGAREGEPKEUN DONGÉNG SISWA KELAS VII-C SMPN 2**  
**KASOKANDEL MAJALENGKA**

No. Siswa	Kamampuh Awal (Pretés)	Kamapuh Ahir (Postés)
$\Sigma$		
$\bar{x}$		

### 3.7.2 Nguji Sipat Data

Data meunang ngolah diuji sipatna ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas.

#### 3.7.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga fungsi pikeun mikanyaho normal henteuna data populasi anu digunakeun dina panalungtikan. Uji normalitas

miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh mibanda distribusi anu normal. Hal ieu diperlukeun salaku sasrat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh rata-rata. Dina ieu panalungtikan, pikeun nguji normalitas ngagunakeun rumus *Chi* kuadrat ( $\chi^2$ ), léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) nyieun tabél frekuensi niléy hasil pretés jeung niléy postés kalawan ngagunakeun tabél ieu di handap:

**Tabél 3.3**  
**Frékuensi Peunteun Pretés jeung Postés**

No.	Peunteun (x)	$f_i$	f.x	$f_i^2$	$f_i x_i^2$
1					
2					
3					
	$\Sigma$				

- 2) ngitung rata-rata (mean) niléy hasil pretés jeung niléy postés kalawan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i \cdot x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

$\bar{x}$  = rata-rata (mean)

$\sum f_i$  = jumlah data

$\sum x_i$  = nilai tengah

(Sudjana, 1992:70)

- 3) ngitung standar deviasi, kalawan rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx^2)^2}{n(n-1)}}$$

- 4) ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

- a. nangtukeun niléy panggedéna jeung pangleutikna  
 b. ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- c. nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log N$$

- d. nangtukeun panjang kelas interval, kalwan rumus:

$$P = \frac{r}{k}$$

- e. nangtukeun  $O_i$  (frékuénsi obsérvasi)  
 f. nangtukeun batas kelas interval (bk)  
 g. ngitung  $Z_{itung}$  (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{bk - \bar{x}}{SD}$$

- h. nangtukeun  $Z_{tabel}$   
 i. ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_1 - Z_2$$

- j. ngitung frékuénsi ékspéktasi, kalawan rumus:

$$E_i = n \times L$$

- k. nangtukeun niléy  $X^2$  (chi kuadrat), kalawan rumus:

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- l. nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi.



**Tabél 3.4**

**Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Pretés jeung Postés**

Interval	O <sub>i</sub>	BK Handap	BK Luhur	Z <sub>1</sub>	Z <sub>2</sub>	L	E <sub>1</sub>	X <sup>2</sup>
Σ								

m. nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$Dk = k - 3$$

n. nangtukeun harga X<sup>2</sup><sub>tabel</sub> kalawan tingkat kepercayaan 99%

o. nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

(a) Saupama X<sup>2</sup><sub>itung</sub> < X<sup>2</sup><sub>tabel</sub>, hartina data atawa populasi distribusina normal.

(b) Saupama X<sup>2</sup><sub>itung</sub> > X<sup>2</sup><sub>tabel</sub>, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Sanggeus dipigawé uji normalitas, tur data anu dihasilkeun normal, kagiatan anu satuluyna nya éta uji homogénitas varian anu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik anu luyu.

### 3.7.2.2 Uji Homogénitas

Uji Homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén heunteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

1) ngitung variasi (S<sup>2</sup>) unggal kelompok, kalawan rumus:

Variasi pretés

$$S_1 = \frac{n \sum f_i \cdot x_i - (f_i \cdot x_i)}{n - (n - 1)}$$

2) ngitung harga variasi (F), kalawan rumus:

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

3) ngitung derajat kabébasan (dk), kalawan rumus:

$$Dk = n - 1$$

4) nangtukeun harga  $F_{\text{tabel}}$

5) nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

a) lamun  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$  hartina variasi sampel homogén;

b) lamun  $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$  hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 1992:250)

### 3.7.3 Ningkatna Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng saméméh jeung sabada Ngagunakeun Modél *Word Square*

Pikeun nangtukeun naha aya ningkatna antara hasil pretés jeung hasil postés dilaksanakeun uji gain. Hasil tina uji gain dipaké minangka gambaran ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel taun ajaran 2012/2013. Pikeun nangtukeun uji gain ngagunakeun tabél ieu di handap.

**Tabél 3.5**

**Uji Gain**

No. Siswa	Peunteun Pretés	Peunteun Postés	D	d <sup>2</sup>
Σ				
$\bar{x}$				

Tina tabél di luhur bakal katitén aya paningkatan kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Word Square*.

### 3.7.4 Uji Béda Kamampuh Ngaregepkeun Dongéng saméméh jeung sabada Ngagunakeun Modél *Word Square*

Pikeun nguji béda kamampuh ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sanggeus ngagunakeun Modél *Word Square* naha signifikan atawa henteu dilaksanakeun uji hipotésis. Hasil tina uji hipotésis dipaké minangka gambaran ngeunaan éféktivitas modél pangajaran *Word Square* dina pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel taun ajaran 2012/2013.

a. Pikeun nangtukeun uji hipotésis léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) ngitung rata-rata (mean) tina béda antara peunteun tés awal jeung peunteun tés ahir kalawan rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

- 2) ngitung darajat kabénasan (dk) kalawan rumus:

$$Dk = n - 1$$

- 3) ngitung jumlah kuadrat deviasi, kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

- 4) ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:


t = tés signifikansi

Md = rata-rata (mean) tina béda antara hasil pretés jeung postés

$\sum x^2d$  = jumlah kuadrat deviasi

n = jumlah subyék dina sampel

- b. Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria, nya éta:
- a) Saupama  $t_{itung} > t_{tabel}$  hartina hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak, hartina modél pangajaran *Word Square* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel.
  - b) Saupama  $t_{itung} < t_{tabel}$  hartina hipotésis nol ( $H_0$ ) ditarima jeung hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditolak, hartina modél pangajaran *Word Square* teu éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-C SMPN 2 Kasokandel.



**Daftar Pustaka Sementara**

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Fathoni, A. 2006. *Metodologi Penelitian & Teknik Penyusunan Skripsi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Sudjana, Nana. 1992. *Metode Statistika*. Bandung: Tarsito.

